## Мархи беттан лерина мероприяти

**Д1ахьошверг:** Шу массо а марша дог1ийла. Таханлера х1ара вайн цхьана кхетар лерина ду Аллах1а базбина баийтина Рамадан бутт т1екхочуш, Рамадан беттан леерам беш.

Т1екхача герга бахна сийлахь бутт а, беркате-комаьрша хан а. Рамадан бутт бу шена чохь Къуръан доссийна болу. Марханаш кхобу а, 1уьйкъана г1отту а бутт бу и. Саг1анаш доху а, диканаш совдоху, г1оьнна куьг кховдош болу а бутт бу и. Бутт бу и, шен хьалхара дакъа – къинхетам болуш, шен йукъ – гечдар долуш, шеен чеккхе – жоьжахатих хьалхабитар йолуш.

**Бераш байташ йешар**
**1-ра бер:**
Йа Шахьру Рамадан,
Марша ба хьо бохуш,
Маршалла ва хоьттуш
Беркате ба хьо.
**2-г1а бер:**
Хьан леерам беш волчо
Саг1анаш дохуш,
Кхаъ хилла доггаха
Безаш т1елоцу хьо.
**3-г1а бер:**
Мацалло, хьогалло
Кийранаш 1ийжабеш,
Ц1еначу ойланца
Деле тхо кхайкхадеш,
Ойланаш ц1ан а йеш,
Таравехь х1иттадеш,
Ма хаза кхечира хьо
Тешнараш декъалбеш.
**4-г1а бер:**
Дала хьо кхаба
Тхуна ницкъ лойла,
Хьан лерам биначу
Тобанах тхо дойла.
**5-г1а бер:**
Деле тхо доьхуш,
Тоьшалла х1отталахь.
Тхан дегнаш маьхьшарахь
Ахь хаза хьасталахь.

**Д1ахьошверг:** Х1инца вайн бераш д1аэрду Рамадан беттан лерина нашид.

**Бераш д1аолу нашид «Йа Аллах1»**

Дала шеен къинхетамца беркат дохьуш нахана,
Базбина и бутт хила, х1ун йу цуьнан ц1е, ала:
**<u>Рамадан, Рамадан.</u>**
Халкъашлахь хаьржина волу,
Делера салам-маршал ду,
Дош доссийна Элчане, х1ун йу-те цу дешан ц1е?
**<u>Ва Къуръан, ва Къуръан.</u>**
**<u>Йа Аллах1! Йа Аллах1! Йа Аллах1!</u>**
Къуръан Дала доссийна Рамадан йеза буйсанна.
Дехнарг къобал до буьйса, х1ун йу цуьна ц1е, ала?
**<u>Лайлатуль-Къодар, Лайлатуль-Къодар!</u>**
Мухьаммадан хуьлийла Делера-салам маршала.
Шен 1амал йан хьехна, цу хьехамна ц1е ала.
**<u>Аль-хьилаъ, Аль-хьилаъ!</u>**
**<u>Йа Аллах1! Йа Аллах1! Йа Аллах1!</u>**
**<u>Йа Аллах1! Йа Аллах1! Йа Аллах1!</u>**
Делан Элчанна даимна Делера салам-маршалла,
Элчанца къамеле даьлла хилла, боху Малика
Аль-хьилаъ и деана, х1ун йу цуьнан ц1е, ала?
**<u>Джабраиль, Джабраиль.</u>**
Цу Джабраилехула Мухьаммаде доссийна
Дуьххьарлера Къуръан дош, муьлаха ду хаа деза.
И дош хиллера… (Деша)
**<u>Йа Аллах1! Йа Аллах1! Йа Аллах1!</u>**
**<u>Йа Аллах1! Йа Аллах1! Йа Аллах1!</u>**
Оццул Дала даздина доссийна Къуръан хилча,
Иза-м деша дезаш дай, хилча вай цу Делан лайш.
Йа Аллах1, хьо везарна, Хьайн къинхетам бе тхоьха.
**<u>Йа Аллах1! Йа Аллах1! Йа Аллах1!</u>**
**<u>Йа Аллах1! Йа Аллах1! Йа Аллах1!</u>**

**Д1ахьошверг:** Х1инца вайн бераш дуьйцар ду Марханийн дозаллех лаьцна.
**1-ра бер:**
Марха кхабар ларвалар ду; Нагахьсанна шух цхьаъ марха кхобуш хилахь, вон къамел а ма де, вон х1ума а ма де,галволу х1ума а ма де.
**2-г1а бер:**
Марха кхабар йуучух а, молучух а вухакхетар хила 1аш дац, мелхо а, иза эрна къамелах а, боьхачу къамелах а ларвалар ду.
**3-г1а бер:**
Харцдерг дийцар а, цуьнца 1амал йар а 1ад ца дуьтуш верг – Далла оьшуш дац цо даар а, малар а 1ад дитар.
**4-г1а бер:**
Пуьтш боттар а, цуьнца 1амал йар а, сонта хилар а 1ад цадуьтуш вверг – Аллах1ана оьшуш дац цо даар а, малар а 1аддитар.
**5-г1а бер:**

Аллах1ана оьшуш дац боьха къамел дар а, харцлер а 1ад ца дуьтуш волчо йуург а, мерг а 1ад йитар.
**6-г1а бер:**
Цундела, Аллах1 Далла муьт1ахь хуьлуш, ша йуург-мерг йитаре терра, массо вон х1ума шех д1акъасто г1орта веза марха кхобург.
**7-г1а бер:**
Марха дохочу х1уманех а, хьарам долчу х1уманех а ларвалар – и ду марха кхобучо дан дезарг.

**Д1ахьошверг:** Бераш, х1инца Хьавас шуга вайн динех лаьцна хаттарш дийра ду, аша царна жоьпаш лур ду.
1. Вайн Дела мила ву? (Аллах1а)
2. Вайн дин х1ун дин ду? (Ислам)
3. Вайн дин маса бог1ам т1аьхь лаьтташ ду? (Пхиь бог1ам т1ахь лаьтташ ду….)
4. Вайн Пайхамар мила ву? (Мухьаммад (с.а.с.))
5. Марха кхабар муха ду?
6. Марханийн беттан ц1е х1ун йу? (Рамадан)
7. Дийнахь масса ламаз дан деза? (Пхиъ)
8. Ламаз далее х1ун да деза?
9. Вайн Пайхмаран ден, ненан ц1ераш х1ун хилла? (Абдуллах1, Аминат)
10. Мухьаммада-Пайхмаре (с.а.с.) дуьхьара доссийна Къуръан дош муьлха ду?

**Д1ахьошверг:** Таханлерчу гуламехь вай дийцар Рамадан беттан дозаллех лаьцна, цу баттахь ларо дезаг, лело дезаг. Ткъа х1инца вайн бераша гойтур ду вайн къомо Марханаш досту де муха даздо.

**Кирхьа. Сахь даккхар.**
**Да:** Хезий хьуна?! Бераш марханаш даста дахийта кечам биний ахь?
**Нана:** Ас сийсар хьо чувале кечдина уьш.
**Нана:** (берашка): Бераш, шайна т1е ц1ена бедарш йуха! Марханаш достучу дийнахь ц1ена бедарш йохар мелехь ду. Шун да ву шуьга хьобжуш, сахьаш даха дезаш ду. (Дуьххьара шена т1ера сахь доккху дас.)
**Да:** Бисмиллах1иррохьманиррохьийм. Делан дуьхьа, фарз МАРХИЙН сахь сайн т1ера дакха нийт ду сан.
**Да:** Хезий хьун?! Бисмиллах1иррохьманиррохьийм. Хьайн т1ера фарз мархийн сахь даккха пурба лой ахь сунна?
**Нана:** Пурба дели ас.
**Да:** Ас и къобал ди.
**Да:** 1иса, схьавоьл хьо. Бисмиллах1иррохьманиррохьийм. Хьайн т1ера фарз мархийн сахь даккха пурба лой ахь сунна?
**1иса:** Пурба дели ас.
**Да:** Ас и къобалди.
**Да:** Мохьмад, схьавоьл хьо. Бисмиллах1иррохьманиррохьийм. Хьайн т1ера фарз мархийн сахь даккха пурба лой ахь сунна?
**Мохьмад:** Пурба дели ас.

**Да:** Ас и къобалди.
**Да:** Раяна, схьайоьл хьо. Бисмиллах1иррохьманиррохьийм. Хьайн т1ера фарз мархийн сахь даккха пурба лой ахь сунна?
**Раяна:** Пурба дели ас.
**Да:** Ас и къобалди.
**Да:** Х1инца, 1иса, ахь сахьнаш д1адекъа. Со 1иде воьду.
**Нана:** Дик ду, Дала къобалдойла.
*(Бераш дог1у марханаш къобал дан.)*
**Бераша:** Деци, марханаш къобалдойла, лайна хало меле йазйойла.
**Нана:** Массо Мухьаммадан умматан дойла марханаш къобал.
*(Х1усамнанас, марзо лой д1адохуьйту бераш)*
**Нана:** Мохьмад, Раяна, мархнаш къобалдан г1о шуьшиъ. Массо лулахошка, вайн гергарнаш болчу кхета.
**Мохьмад:** Дика ду, нана.
*(Воккха ши стаг вог1у марханаш къобалдан.)*
- Хадишт, хьан марханаш къобалдойла, хьегна къа меле йаздойла.
**Хадишт (нана):** Дала дойла массо Мухьаммад умматан а, шу а марханаш къобал.
**Хьеший:** Дика мелдерг кху чу. *(Х1усам чу бог1у.)*
**Хадишт (нана):** Охьаховша. Г1озайоийла. *(Кхача хьалха буьллий, чай дутта)*
**Хьеший:** Дала саг1айойла йиънарг, мелларг, ч1ог1а мерза шун х1отти ахь тхуна.
**Хадишт (нана):** 1одика Дала йойла. Маьрша г1ойла шу.

**Бераш д1аолу нашид**

**Заведующий:** Х1ара вайн т1екхочшболу Рамадан бетта фарза мархнаш кхаба а, даста а Аллах1а пурба лойла вайна массарна а. Т1едог1учу шарахь х1ара сана хазачу дийнахь цхьанакхета Аллах1а пурба а, могшалла а лойла вайна!

**Д1ахьошверг:** Цу т1аьхь вайн Рамадан беттан лерина йолу мероприятии чекхйели. Дела реза хуьлда тахана тхо долчу дахкарна а, кечамаш т1аьхь дакъа мел лаьцанчарна а.